



# Konsèy ak Tès

Kesyon ak repons sou VIH



## Pouki pou fè tès VIH?

Tès VIH se yon tès ki gratis, senp epi kap rete sekre, e li ka ede w pran bon desizyon pou sante w.

## Kisa VIH ak SIDA ye?

- VIH se yon viris ki bay SIDA.
- SIDA se yon maladi ki kraze sistèm defans kò w.

## Kijan VIH pwopaje?

- Nan san, nan dechay gason, nan sekresyon ki nan vajen (sèks fanm nan), epi nan lèt tete.
- Fè sèks (fè bagay) nan vajen oubyen nan dèyè san kapòt.
- Fi ki gen VIH ka pase viris la bay pitit li yo anvan li akouche epi pandan lap akouche epi lè li bay pitit la tete.
- Itilize menm sereng avèk yon moun ki enfekte pou pran dwòg.
- Kontak avèk san lòt moun ki enfekte.

## Pouki li enpòtan pou fè tès VIH?

- Poutèt moun ka gen VIH pandan plizyè ane san moun lan pa gen okenn sentòm, tès VIH la se sèl jan pou vreman konnen si w genyen oubyen pa genyen li.
- Gen anpil moun, se lè yo kòmanse malad, ke yo aprann yo fè VIH. Moun sa yo pap gen chans pou yo resevwa tretman bonè ki pou anpeche yo malad pi plis epi kap kontinye bay yo yon bon sante.
- Si w konnen depi bonè ke w gen VIH lap baw plis chans pou w konbat VIH la epi viv pi lontan, epi gen yon pi bon sante.

## Èske m dwe fè tès VIH la?

Se pou w reflechi pou w wè si w ta fè tès VIH si w:

- Te fè sèks ak plizyè moun.
- Te fè bagay nan vajen oubyen nan dèyè san kapòt.
- Se yon gason ki te nan sèks ak lòt gason.
- Pike kò w avèk sereng pou pran dwòg.
- Te gen yon maladi ou trape nan sèks, sa vle din an fè bagay.
- Te fè dyagnostik ki di ou fè epatit B oubyen epatit C.
- Kwè mennaj ou a nan nenpòt nan sitiyasyon nou site anvan yo.

## Koubyen fwa pou m fè tès la?

- Chak moun ki nan sèks dwe fè tès omwen yon grenn fwa nan lavi li epi chak fwa li fè bagay avèk yon patnè premye fwa.
- Si w gen nenpòt nan bagay ki make anlè a, se pou w ta fè yon tès chak lane. Si w gen plis pase youn nan bagay ki make anlè a, se pou w ta fè tès pi plis.
- Menm si ou fè sèks ak yon grenn moun, ou ka toujou gen chans pou w trape VIH, lap depann nan abitud mennaj ou a.

## Èske nenpòt moun ka mennen m fè tès VIH?

- Non. Se oumenm pou w konnen si w vle oubyen pa vle fè yon tès VIH.
- Pa gen moun ki ka fè tès VIH pou ou si w pa w dakò pou w fè li.
- Menm si w te siyen yon otorizasyon pou resevwa swen medikal, lalwa di se pou w siyen yon lòt otorizasyon anvan yon doktè fè tès VIH la pou ou.

## Ki kote mwen ka ale fè yon tès VIH?


- Doktè oubyen founisè swen an.
- Youn nan pwogram tès VIH la toupatou nan Massachusetts. Pou w jwenn yon lokal pre lakay ou, se pou w rele 800-235-2331 oubyen ale nan [www.mass.gov/dph/aids](http://www.mass.gov/dph/aids), oubyen wè lis kote ki make sou papyè sa a.
- Si w ale lopital pou swen ijan, ou ka ofri pouw fè tès VIH lè sa a.
- Gen kèk lokal ki ofri tès ki ba ou yon nimewo olye pou yo sèvi ak non w.

## Èske m gen pou m peye poum fè tès la?

- Gen anpil kote nan Massachusetts ki fè tès VIH gratis.
- Pifò plan asirans medikal kouvri tès VIH tou.
- Wè do bwochi sa a pou w wè lis tout kote yo.



**Massachusetts Department  
of Public Health  
Office of HIV/AIDS  
[www.mass.gov/dph/aids](http://www.mass.gov/dph/aids)**



## Ki tès mwen ka fè pou m konnen si w fè VIH?

Gen twa gwo diferan kalite tès VIH:

### Tès jeneral

- Se yon tès san. Moun ki fè tès la sèvi ak yon sereng pou li fè priz san nan ponyèt ou pou mete san w nan yon seri tib. Epi nou voye san an nan laboratwa.
- Lap pran apeprè de semèn pou w gen rezilta yo.

### Tès likid oral (epi ki rele OMT)

- Pou fè tès sa a, yo sèvi ak yon ti zouti tankou yon bwòsdan pou pran likid ak selil andedan bouch ou. Epi yo voye echantiyon san sa a nan laboratwa.
- Lap pran apeprè de semèn pou w gen rezilta yo.

### Tès rapid

- Moun kap fè tès sa a ka pran yon ti kantite san nan pwent dwèt ou oubyen likid nan bouch ou.
- Yo ka fè tès echantiyon sa a tousyit la devan w.
- Lap pran apeprè 20 minit pou w gen rezilta yo.
- Si rezilta a negatif, li vle di ou VIH negatif e l pa nesèsè pou w fè lòt tès.
- Si tès la gen yon reyaksyon, ou ka VIH pozitif. Wap gen pou w fè yon analiz san pou w si. Lap pran apeprè de semèn pou w resevwa rezilta dezyèm tès la.

## Kisa kap rive si m fè yon tès e rezilta a negatif?

- Si rezilta tès la negatif, nap mande w kilè ou te fè sèks nan pwoteksyon oubyen kilè ou te pataje sereng.
- Si dènyèmman ou te nan sèks san kapòt oubyen nan pataje sereng, se pou w fè yon lòt tès aprè sis semèn. Se poutèt pafwa tès VIH la paka wè si gen nouvo enfeksyon.

## Kisa kap rive si m fè yon tès e rezilta a pozitif?

- Si rezilta tès ou a pozitif, li enpòtan pou w pran yon randevou ak yon pwofesyonèl lamedsin tout swit.
- Moun ki ba w rezilta tès la ka ede w jwenn yon pwofesyonèl lamedsin ak yon kòdonatè sèvis si w pa genyen.
- Kòdonatè sèvis a ka ede w jwenn swen doktè ak medikaman gratis.

## Si m gen VIH, èske map gen SIDA oubyen èske map malad?

- Non. Jodi a, gen plizyè diferan tretman pou VIH.
- Tretman sa yo ka ede anpeche gwo maladi, tankou SIDA.
- Si w resevwa tretman tousyit, ou gen bon chans pou w viv anpil tan epi gen bon sante.

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

### Nimewo dirèk SIDA

Anglè ak panyòl: 800-235-2331

TTY: 617-437-1672 [www.aac.org](http://www.aac.org)

### Liy dirèk pou enfòmasyon sou abi sibstans nan leta Massachusetts

Anglè ak panyòl: 800-327-5050

TTY: 617-536-5872

## Pwogram tès VIH MDPH

### Greater Boston

Boston Happens  
Children's Hospital Boston  
Boston: 617-355-8127

Boston Health Care  
for the Homeless  
Boston: 617-654-1000

\*Boston Medical Center  
Boston: 617-414-4495  
Spanish, Haitian-Creole

Boston Public Health  
Commission Needle Exchange  
Boston: 617-771-2138

Cambridge Cares About AIDS  
Cambridge: 617-661-3040  
Spanish, Ugandan

\*Cambridge Health Alliance  
Somerville: 617-591-6767  
Spanish, Portuguese

Centro Latino de Chelsea  
Chelsea: 617-884-3238  
Spanish

Dotwell  
Dorchester: 617-474-1439

East Boston Neighborhood  
Health Center  
East Boston: 617-568-4622  
Spanish

\*Fenway Community Health Center  
Boston: 617-267-0159  
Spanish

\*Martha Eliot  
Community Health Center  
Jamaica Plain: 617-971-2329  
Spanish

Massachusetts Alliance of  
Portuguese Speakers  
Allston: 800-232-7725 or  
617-787-0557  
Portuguese

Mattapan Community Health Center  
Mattapan: 617-296-0061  
Spanish, French, Haitian-Creole

Quincy Medical Center  
Quincy: 617-376-4037

Victory Programs  
Boston: 617-357-8182 x15

### Central Region

FamilyHealthCenterofWorcester  
Worcester: 508-860-7937  
or 508-860-7949  
Spanish, French, Portuguese,  
Cambodian

Gardner  
Visiting Nurse Association  
Gardner, Fitchburg, Leominster:  
800-382-7305  
Spanish

\*GreatBrookValleyHealthCenter  
Worcester: 508-854-3260  
Spanish

Health Awareness Services of  
Central Massachusetts  
888-442-7448  
Worcester:

508-753-0800  
Southbridge:  
508-765-5929  
Milford:  
508-478-4982  
Framingham:  
508-935-2960  
Spanish, Portuguese

### Northeast Region

Greater Lawrence Family  
Health Center  
Lawrence: 978-975-1878 x8504  
Spanish, Portuguese

HealthandEducationalServices  
Beverly/Gloucester:  
978-927-4506 x222  
Pager: 508-727-8937  
Spanish

LowellCommunityHealthCenter  
Lowell: 978-970-2730  
Spanish, Cambodian, Shona  
(Zimbabwe)

\*LynnCommunityHealthCenter  
Lynn: 781-581-3900  
Spanish

### Southeast Region

AIDS Support Group  
of Cape Cod (ASGCC)  
Provincetown:  
508-487-8311 or  
866-NO-TO-HIV (866-668-6448)  
Mid and Upper Cape:  
508-274-5428

\*\*Also provides hepatitis A  
and B vaccinations\*\*

BrocktonAreaMulti-Services,Inc.  
(BAMSI) - Cope Center  
Brockton: 508-583-3405  
Spanish

\*Cape Cod Hospital – Infectious  
Disease Clinical Services  
Hyannis: 508-862-5650 or  
888-711-0117

CommunityCounselingofBristol  
County – Project ACT  
Taunton: 508-977-8142

Falmouth Human Services  
Falmouth: 508-274-5428

Greater New Bedford  
Community Health Center  
New Bedford: 508-992-6553  
Spanish, Portuguese

Martha'sVineyardFamilyPlanning  
Martha's Vineyard:  
508-693-1208

Nantucket AIDS Network (NAN)  
Nantucket: 508-228-3955

Outer Cape Health Services  
Provincetown:  
508-487-9395

Seven Hills Foundation  
New Bedford: 508-992-0457  
Portuguese

\*Stanley Street Treatment &  
Resources (SSTAR)  
Fall River: 508-324-3561  
Spanish, French, Portuguese

### Western Region

\*Bay State Medical Center –  
Brightwood Health Center  
Springfield: 413-794-8725  
Pager: 413-794-3222  
(follow voice prompts  
and ask for Sandy Ortega)  
Spanish

\*BayStateMedicalCenter–Mason  
SquareNeighborhoodHealthCenter  
Springfield: 413-794-8723  
Spanish

Berkshire Medical Center –  
Neighborhood Health Center  
Pittsfield: 413-447-2654  
Spanish

Caring Health Center  
Springfield: 413-739-1100  
Spanish

CooleyDickinsonHospital–CEPA  
Holyoke: 413-536-8721  
Spanish

**Pou w jwenn lòt kote ki ofri tès VIH pre lakay ou,  
ale nan [www.mass.gov/dph/aids](http://www.mass.gov/dph/aids), rele 800-235-2331.  
Oubyen pale ak doktè a.**



HolyokeCommunityHealthCenter  
Holyoke: 413-420-2130 x2139  
Spanish

New North Citizens Council  
Springfield: 413-733-4053  
Spanish

Northern Educational Services  
Springfield: 413-731-0651

\*Tapestry Health  
Northampton: 800-696-7752  
or 413-747-5144 x105  
Spanish

\*Lokal ki entegre epi ki ofri tès ak  
konsèy sou VIH, vaksen ak depistaj  
epatit viral pou moun ki gen chans  
pou trape youn nan maladi sa yo, epi  
depistaj epi oubyen rekòmandasyon  
pou maladi ki trape nan sèks.

